7-æм къласс.

Урочы темæ: **«Хетæгкаты Къоста – курдиатджын поэт æмæ нывгæнæг». Нымæцонтæ.**

Урочы нысан:

- Скъоладзауты ныхасы рæзтыл бакусын, ахуыр сæ кæнын сæ хъуыдытæ раст æвдисын;
- Къостайы сфæлдыстадыл æрдзурын;
- Къоста курдиатджын нывгæнæг кæй уыдис, ууыл лæмбынæг ныхас кæнын;
- Уарзондзинады æнкъарæнтæ сæвзæрын кæнын Ирыстонмæ;
- нымæцонты бацамонын.

Урочы эпиграф:

«Зæххыл дын нал баззад кæнинаг,
Дæ мæсыг амайын фæдæ…»

Урочы фæлгонц: презентаци, музыкæ, интерактивон фæйнæг, нывтæ.

Урочы цыд:

I. Бацæттæгæнæн рæстæг.
Ахуыргæнæг: -Уæ бон хорз, сывæллæттæ.
Скъоладзаутæ: - Æгас цæут, нæ уазджытæ.

II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.

1. Беседæ:

– хæххон адæм цаварæ уаварты цардысты?

– цы куыст кодтой хохаг адæм?

(фосы куыст, зæххы куыст)

– цаварæ хæринæгтæ кодтой æхсырæй?

(цыхт,дзыкка, сир, нæлхæ,къæдор)

– цæмæй кодтой чъиритæ?

(картофæй, цыхтæй, фиуæй, къæдорæй, хъæдурæй, насæй, цæхæрайы сыфтæй, давонæй, футæгæй).

– абон та адæм куыд цæрынц?

(райдзаст, хъарм, хæдзæртты.)

2. Ахуыргæнæг:

Зæгъут-ма, уа зæрдыл уæлдайдæр цы бадардтат рацыд æрмæгæй?

1-аг скъ цины фынгыл æваræм 3 чъирийы

2-аг скъ хъыджы-фынгыл та-дыууæ

3-аг скъ бæгæн кæнынц зад æмæ хуымæллæгæй

4-аг скъ фыццаг бæгæны Нарты кадджытæм гæсгæ скодта Сатана.

Слайд:

«Цæл кæнын куы уарзай, уæр кусын дæр уарз»

Ахуыргæнæг: Ахъуыды кæнæм æмæ бамбарын кæнæм æмбисондæн йæ хъуыды.

Скъоладзау.

1-аг скъ. Адæймаг хъуамæ уа куыстуарзаг.

2-аг скъ. Магуса, æввонгхор у æгад.

3-аг скъ. Адæймаг хъуамæ цæра йæхи фæллойæ.

III. Ног æрмæгыл куыст-

Ахуыргæнæджы ныхас:

«Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин,
Куы бафидин искуы мæ хаес,
Уæд афтæ æнкъардæй нæ зарин,
Нæ хъуысид мæ кæуынхъæлæс…»
Къоста

Куыд бæмбæрстат, æфтæмæй абон мах нæ урочы ныхас кæндзыстæм, сæрыстыр æмæ буц кæмæй стæм, уыцы курдиатджын фысссæг Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстадыл.

Слайд. Фарста. Загъут-ма, сывæллæттæ, чи уæ радзурдзæн Къостайы тыххæй.

1-ац скъ: æз зонын Хетæгкаты Къостайы. Уый у ирон æвгаг æмæ литературайы бындурæвæрæг, фыссæг,нывгæнæг, адæмы бартыл тохгæнæг.

Ахуыргæнæг: Тынг хорз дзуапп раттай.

Æмæ цæуыл тох кодта Къоста?

(Адæмы рухс фидæныл)

2-аг скъ: Уæды рæстæджы адæм уыдысты талынг, гæвзыкк æмæ мæгуыр.

Ахуыргæнæг: Цы нысан кæны, сывæллæттæ, «Талынг» ?

Скъ: Нæ сæм уыд ахуырдзинад, скъолатæ, æнæахуыр адæймаг та у «талынг»

Ахуыргæнæг: -Байхъусæм æмдзæвгæ «Сидзæргæс» -æй скъуыддзагмæ.

«Артдзæсты кæрæтты,
Фæныкмæ æнгом
Бадынц сывæллæттæ, —
Чи бæгънæг, чи гом…
Уазал æмæ стонгæй
Бирæгъ дæр тæрсы, —
Удхæссæг æввонгæй
Ахæмтыхæссы…»

Ахуыргæнæг: Къоста сидтис адæммæ тохмæ хæдхæцæг паддзахады ныхмæ иумæ растын, тырныдта цæмæй иумæ кæрæдзи æмбаргæйæ растой сæ бартыл:

«**БАЛЦЫ ЗАРÆГ**

Цæйут, æфсымæртау,
Радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ,
Иры лæппутæ!..

Скæнæм нæ тырыса
Дзыллæйы номæй.
Рухсмæ æнæзивæг
Цомут æнгомæй!..

Растдзинад уарзынæй
Скæнæм нæ фæндаг...
Гъе, мардзæ, магуса!
Фесæф, нæуæндаг!..»

Слайд «Къостайы лæвар»

Чи у, чи нæм кæсы къамæй?
Чи у уыцы хæрзконд лæг?
Уый, сывæллæттæ, Къоста у.

Ахуыргæнæг: Къоста Иры дзыллæйæн балæвар кодта 1881 азы «Ирон фæндыр»

Ахуыргæнæг: Дарддæр кусæм чиныгимæ.

Слайд. Нары хъæу.

Ирыстоны рæссугъддæр æмæ рагондæр кæмттæй иу Уæлладзыры ком.

Уæлладжыры хъæутæй иу у Нар. 15 октябры 1859 азы ам райгуырдис ирон адæмы уарзон хъæбул –Хетæгкаты Леуаны фырт Къоста. Йæ сабибонтæ уыдысты уæззау. Мады рæвдыд нæ баззыдта. Фæлæ уыд фæразон, хæлардзæрдæ. Ныффыста бирæ æмдзæвгæтæ сывæллæттæн. Зæгъæм, «Лæгау», «Скъолайы лæппу», «Уасæг», «Гино», «Дзывылдар».

Ахуыргæнæг: Сымах та цавæр æмдзæвгæтæ зонут?

1-ац скъ. æмдзæвгæ «Фсати»

2-ац скъ. æмдзæвгæ «Ныстуан»

3-ац скъ. æмдзæвгæ «Дзывылдар»

4-ац скъ. æмдзæвгæ «Чи дæ?»

Текстимæ куыст:

1. Дзырдуатон куыст фæйнæгыл.
2. Аудирование.
3. Ахуыргæнæджы аив каст.
4. Скъоладзаутæ кæсынц текст.
5. Фæрстытæн дзуапп раттын.
6. Грамматикон хæслæвæрд:
   - ссарын нымæцон?
   - цы хонæм нымæцон?
   - нымæцон цавæр фарстæн дæтты дзуапп?
   - цахæм нымæцонтæ зонут?

Хатдзæгтæ скæнын:

Фарст:- Цæуыл ныхас кодтам абон нæ урочы?
Скъоладзау: -Нæ урочы ныхас кодтам Хетæгкаты Къостайы тыххæй.
Фарста: Нæ урочы темæ куыд хуыйны?
Скъоладзау: Нæ урочы темæ у Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад.
Фарста: Кæм райгуырдис Къоста?
Скъоладзау: Цавæр уавæрты хъомыл кодта сидзæр лæппу?
Фарста: Чи уыд Къостайы фыд?
Скъоладзау: Хетæгкаты Леуан, паддзахы офицер.

Ахуыргæнæг: Къоста уыдис канд поэт нæ, фæлæ ма курдиатджын нывгæнæг дæр. Уый ахуыр кодта Бетъырбухы аивæдты академийы. Къоста ахуыр котда Репин, Суриков, Васнецов, Серовимæ.

Слайд. Къостайы нывтæ:

«Мады ныв», «Дондзау», «Дурсæттæг сабитæ», «Хъодыгонд зæд», «Æрдзон хид», «Зикъарæйы хид».



Йæ нывтæ ист сты хохаг цардæй, дзурæг сты адæмы уæззау цардыл.

«Дурсæттæг сабитæ»-йы æвдыст цæуынц дыууæ хохаг лæппуйы. Уыдон сты скъуыдтæ дарæсы, фæллад, æххормаг.

Ныв «Дондзау» - сылгоймагæн ис мынæг цæстытæ, æнкъард, тыхст. Уæззау цардæй æфхæрд.

Ныв «Хъодыгонд зæд»- сыгъдæг цæстытæ, рæстдзинадыл тохгæнæг, фæллад, тыхст, иунæгæй зындзинæдты ныхмæ тохы йæсыгъдæг уд бафæллад.

Ныв «Мады ныв» - уæлдай цымыдисагдæр та у йæ мады ныв. Уынгæ йæ никуы фæкодта, къам ын нæ баззад,афтæмæй йын,адæмы ныхæстæм гæсгæ æмæ йæ зæрдæ куыд дзырдта,уымæ гæсгæ ныффыста йæ сурæт. Йæ мадыйын чи зыдта, уыдон куы федтой ныв, уæд сæ дисæн кæрон нал уыд,- бынтон йæхи хуызæн рауад.

Ахуыргæнæг: Слайд: Бакæсæм ма ацы ныхæстæ, сывæллæттæ.

«Къоста нывкæнынады «Дурсæттæг сабитæ»-йы йеддæмæ куы ницы скодтаид, уæддæр нымад æрцыдаид ирон нывкæнынæды бындурæрæгыл »

Тугъанты М.

Ахуыргæнæг: Раст уæм кæсы зынгæ нывгæнæг Тугъанты Махарбеджы хъуыды? Сымах та куыд хъуыды кæнут ацы цымыдисаг нывтыл, цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрын кодтой?

Скъоладзау: Уарзондзинад æфхæрд æдæммæ.

Скъоладзау: Диссаджы рæсугъд æрдз.

Скъоладзау: Тырнындзинад адæмы бартыл тох кæнынмæ.

Скъоладзаутæ бацæттæ кодтой цыбыр æрфыстытæ карточкæтыл.

1-аг карточкæ: Къоста тох кодта æфхæрд адæмы бартыл.

2-аг карточкæ: Цалдæр хатты хаст æрцыдис дард Херсонмæ.

3-аг карточкæ: Уæззау уавæрты фæрынчын æмæ амард Лабæйы 1906 азы.

4-æм карточкæ: Къоста ныгæд æрцыд цытимæ ирон аргъуаны кæрты.

Ахуыргæнæджы ныхас:

Къоста уыд ирон адæмы Прометей. Йæ уды цæхæрæй батавта адæмы зæрдæтæ.

Йæ уæрзондзинадæй срухс кодта царды фæндæгтæ фидæны цардмæ. Ныфс бауагъта.

Слайдтæ. Бакæсæм цитатæтæ Къостайы тыххæй.

1-аг слайд. **«Азтæ куыд фылдæр цæуынц,**
Афтæ Къоста мæ цæсты кæны
Кадджынæй-кадджындæр»
Абайты В.

2-аг слайд. **«Къоста йæхи радта цардæн,**
Æмæ йын цард дæр радта адæмы
Хорзæх, æнусон кад æмæ цыт»
Нигер

3-аг слайд. Кæсгон поэт Бешал Кушаевы æмдзæвгæйæ «Кæсæг дæу сæ хъæбул хонынц»

4-æм слайд. «Хетæгкаты Къоста – ирон адæмы Леонардо да Винчи…»
А.Фадеев.

Хæслæвæрдтыл бакусын.

1. Сраст кæн дзырдтæ:

Ныфтæ-
Сывæлæтæ-
Фысæг-
Æмзæвгæ-
Æвæцæгæн-

2. Базон æмдзæвгæ:

«Фест райсомæй лæгау». («Лæгау»).

«О, уасæг, уасæг!» («Уасæг»).
«Дæ фыдæлтæ рухсаг» («Хъазтæ»).
«Бады арты уæлхъус
Иу саударæг ус» («Сидзæргæс»).

3. Æмдзæвгæ «Лæгау»-мæ гæсгæ фæнысанкæн раст вариант.

Фест райсомæй… Ныхс сапонæй…
А) чызгау; А) мæхи;
Æ) лæгау; æ) йæхи;
Б) лæппуйау. Б)дæхи.

Зондамонæгмæ… Зæрдæхъæлдзæгæй…
А)ма хъус; А)кæс;
Æ)хъус; Æ)кус;
Б)кæс. Б)ма кус.

Грамматикон куыст. Нымæцон.

Предметтæн сæ бæрц, сæ рæнхъæвæрд цы ныхасы хай февдисы, уый хуыйны **нымæцон.**

Нымæцонтæ сæ нысæниуæгмæ гæсгæ вæййынц:
бæрцон(иу,дæс, сæдæ)
рæнхъон(дыккаг,дæсæм)
мурон(æртæ дæсæм хайы)
дихон(дыгай,дæсгай)

Рæнхъон нымæцонтæ арæзт цæуынц, бæрцон нымæцонтæм фæсæфтуан **æм-** æфтаугæйæ (фыццæгæм, дыккæгæм). Цалдæр нымæцонмæ та фæсæфтуан-**аг** (дыккаг, фыццаг).

Хатдзæгтæ скæнын:

-Цы базыдтам абон нæ урочы?
-Уæлдайдæр уæ зæрдыл цы бадардтат?
-Цахæм æнкъарæнтæ уæм сæвзæрын кодтой Къостайы æмдзæвгæтæ?
-Цавæр царды нывтæ æвдисынц йæ нывтæ?
-Кæд æмæ кæм райгуырдис Къоста?
-Чи схъомыл кодта Къостайы?
-Цы хонæм нымæцон?
-Къоста цавæр чиныг ныффыста?

Бæрæггæнæнтæ сæвæрын.
Кæронбæттæн.

Къостайы фæрцы дунейы дзыллæтæ базыдтой Ирыстон æмæ йæ адæмы.

Уый радта адæмæн йæ курдиат, йæ уды хъарм, йæ зæрдæ.

Къоста у Ирыстоны ном æмæ кад, йæ зонд æмæ йæ уд, йе `хсар æмæ йе `гъдау. Уымæ гæсгæ Къостайы райгуырæн бон ссис Ирыстоны адæмæн кады бæрæгбон.

Æнустæ цæудзысты, Къостайы ном та кæндзæнис кадджынæй-кадджындæр, намысджынæй-намысджындæр.

Хæдзармæ куыст:

1. Ног дзырдтæ зæрдыл бадарын.
2. Æмдзæвгæ сахуыр кæнын Къостайы сфæлдыстадæй.
3. Дзуапп раттын фæрстытæн.
4. Нымæцонтимæ дзырдбæстытæ скæнын.